



Pèman Avans Kredi Enpo pou Timoun yo

Ki Zouti Sou Entènèt la Mwen Ta Dwe Itilize ?

Si w bezwen

Verifye si w kalifye pou Kredi Enpo pou Timoun nan

Enskri pou pèman avans Kredi Enpo pou Timoun nan si w **pa konn genyen obligasyon pou w ranpli (an anglè)** yon deklarasyon enpo

Verifye idantite ou anvan w itilize Pòtal Aktyalizasyon Kredi Enpo pou Timoun nan

Anile enskripsyon nan pèman avans kredi enpo pou timoun nan

Jere enfòmasyon kont labank ou

Gade istorik pèman w yo

Aktyalize adrès lapòs ou

Siyale aktyalizasyon ki ka afekte montan pèman w yo

Ebyen itilize zouti sa a

Asistan Kalifikasyon an ap ede w konnen si w ka kalifye pou pèman avans Kredi Enpo pou Timoun nan. Li disponib an Anglè ak Panyòl.

Zouti Enskripsyon Non-Deklaran an ede moun ki pa konn gen obligasyon pou ranpli yon deklarasyon enpo komplete yon deklarasyon ki sep pou yo jwenn pèman avans Kredi Enpo pou Timoun yo, Kredi Ranbousman Rekipersyon ak Pèman Enpak Economik yo. Zouti a ap disponib nan zòn 15 oktòb 2021.

Ale sou **Pòtal Aktyalizasyon Kredi Enpo pou Timoun nan** epi klike sou "Jere Pèman Avans yo." Si w se yon nouvo itilizatè, ou **dwe kreye yon kont ID.me** nan IRS la epi verifye idantite w. Si w deja genyen yon kont nan IRS la, itilize non itilizatè ak modpas Aksè Sekirize a epi antre kòd sekirite a nan kad pwosesis verifikasiyon idantite ak plizyè faktè a (Multi-Factor Authentication – MFA). Si w genyen yon kont ID.me déjà nan yon ajans federal oswa gouvenman yon eta, ou ka itilize imèl ou ak modpas ou epi konplete MFA a. ID.me se yon enstitisyon ki fyab.

Ou ka itilize **Pòtal Aktyalizasyon Kredi Enpo pou Timoun nan** pou w anile nenpòt lè enskripsyon nan pèman otomatik yo si w:

- prefere reklame tout kredi a lè w ap ranpli deklarasyon enpo 2021 w la, oswa
- konnen w pa kalifye paske sitiyasyon w la te chanje an 2021.

IRS ap voye pèman yo sou kont labank ou te mete nan deklarasyon enpo 2020 oswa 2019 ou a oswa sou yon kont gouvenman federal la konnen, tankou yon kont kote w resevwa lajan Sekirite Sosyal, veteran oswa retrèt fewovyè yo. Sila yo ki pa anile enskripsyon pou depo dirèk yo ap resevwa yon chèk pa lapòs. Itilize **Pòtal Aktyalizasyon Kredi Enpo pou Timoun nan** si w bezwen aktyalize enfòmasyon sou kont labank ou oswa ajoute yon kont labank.

Apre pèman yo fin fèt, zouti **Pòtal Aktyalizasyon Kredi Enpo pou Timoun nan** ap montre dat ak montan pèman w yo.

W ap kapab itilize **Pòtal Aktyalizasyon Kredi Enpo pou Timoun nan** pou w aktyalize adrès ou.

IRS ap planifie yon seri mizajou sou **Pòtal Aktyalizasyon Kredi Enpo pou Timoun nan** pou pèmèt ou rapòte mizajou ki afekte montan pèman w yo, tankou chanjman nan:

- kantite timoun kalifye yo
- estati sivil
- revni
- antant pou gad

Si sitiyasyon w te chanje nan lane 2021 an, lè w aktyalize enfòmasyon sa yo, l ap ede w jwenn pi bon montan pèman avans yo.